



**BASEN DANN GINEN 4444  
KI DI LAKOU BADAGI#13**



**REGLEMAN ENTENN LAKOU BADAGI#13**

Pou Lakou a rete Solid vre tout manm li yo dwe rete konekte epi fidel ak Regleman sa a,pou sa,men sa nou declare :

**Atik 1.** Jan yon manm lakou a konpote l,gen pou we ak tout manm yo.

**Atik 2.** Pi gwo zouti ki pou garanti egzistans lakou a,se Dyalog nan respe yonn pou lot.

**Atik 3.** Okenn manm lakou a pa gen dwa sal repitasyon lakou a oubyen lot manm yo.

**Atik 4.** Se manm yo ki dwe lave kivet rad sal yo,Rad sal lakou a pa dwe lave ni nan lari ni sou plas piblik.

**Atik 5.** Rad la dwe lave an fanmi se vre paske lakou a se you fanmi( Trip, San ak Fey )men manm yo pa dwe sitire okenn pitit lakou a ki ap mache nan move chemen.

**Atik 6.** Le konpotman yon manm ka avili tout pitit yo,fok koze a trete san pedi tan.

**Atik 7.** Tout manm konpotman l fe lakou a ap make pa sou plas oubyen pa ka fe pwogre,Swa nan :

- pa respekte prensip lakou a tankou li mande nan angajman an.
- Pedi pou pi piti 3 reyinyon swivi san motive
- Nan mete zizani (ti pil gwo pil )
- Nan negligans pou reyalize aktivite Lwa nan demanbre l oubyen Bitasyonl yo
- Nan pa pran responsablite l ,le li angaje.

**Dwe jwenn sanksyon oubyen ekspilsyon selon sa ka a mande.**

**Atik 8. pou rankont yo :**

a) tout reta depase 30 minit manm lan dwe peye you amand de :100gd si se 1 ned tan manm la nap peye 250gd. konsid

b) tout motivasyon absans nan yon randevou kelkonk dwe fet 24 tred tan anvan le reyinyon an

**Atik 9. Yon sanksyon ka dire pou yon bout tan oubyen pou toutan,sa pra l depann de sa manm lan fe a.**

**Atik 10. Sanksyon yo gen plisye fom selon ka a :**

- Yon let / deklarasyon eskiz
- Peye yon amann ki ka soti nan yon mouchwa pou rive nan yon kabrit ou kochon.pa plis ke sa.
- Pedi dwa pou patisipe nan rankont enpotan yo.
- Pedi dwa pou pote w kandida pou yon pos nan yonn nan manm komite yo.
- Pedi dwa w kom manm lakou a( le sa a,siw gen byen lakou a nan menw responsab lojistik la dwe pran li nan menw tankou Badj la)

**Atik 11. Anndan lakou badagi#13,chak manm dwe resevwa gras li selon travay li. (janw sevi ak Lwa w )**

**Atik 12. Asanble jeneral lakou a se chak 17 desanm pou planifye peryod aktivite yo ki soti 30 desanm pou fini 7 janvye chak ane**

**Atik 12-1. Se Gran Ko a kap reyini an asanble jeneral.**

**Fonksyonman Sevitorya yo**

**Atik 13. Jan li di nan atik 9-4 estati a: chak sevitorya yo gen pou l travay nan branch ke li ye a pou pote fri epi bay rapo nan gran sevitorya .**

**Atik 13-1. Se GRAN KO a nan asanble jeneral ki ap bati plan travay chak sevitorya yo.**

**Atik 13-2.Chak sevitoya gen pou egzekite plan travay gran ko a nan domen pa li epi bay rapo a gran sevitorya a.**

**Atik 14. Chak aktivite kap fet nan lakou a manm yo/pitit yo dwe patisipe jan yo kapab (kotize) li met you sache balen,pou evite pet eneji lakay yo ou nan lakou a.**

**Atik 15. Nan kad rankont odine lakou a,chak manm dwe bay you kotizasyon ki fikse selon estati lakou a.ki se 250 gde nan chak rankont mwa.**

**Atik 15.1 Apre twa(3)mwa reta peman kotizasyon sa,lap double olye 250 gd manm lan ap bay 500 gd.**

**Atik 16. Tout manm ki refize peye kotizasyon sa dwe jwenn you kanpe lwen nan lakou a.**

**Atik 17. Kotizasyon sa a dwe antre nan bidje fonksyonnan lakou a epi sevi pou ranfose ti kes la , pou:**

- sipote yon manm ki nan ka.
- depans enprevi
- Ti transpo
- Ak lot .

**Atik 18. Chak manm dwe gen yon kopi regleman entenn lan nan men l.**

**Atik 19. Reyinyon yo se chak denye dimanch nan chak mwa.**

**Pou gran Sevitorya a se chak twa (3) swa 21 nan mwa a.**

**Atik 19. pou tout rankont oubyen tout priz desizyon fok gen (50% +1) manm ki dako pou l pase.**

**Atik 20. Nan yon rankont odine,si Gran Sevite a pa la li dwe bay delegasyon pouvwa a yon Sevite.**

**Atik 21. chak manm, Sevitorya a dwe respekte tach yo.**

# Regleman enten Lakou Badagi #13



YOUN POU TOUT & TOUT POU YOUN